



GID ORYANTASYON SOU SISTÈM INIK LASANTE

(SISTEMA ÚNICO DE SAÚDE -SUS)

POU MIGRAN, REFIJYE AK APATRID
NAN FOZ DO IGUAÇU

Katalòg sa fèt pa Divizyon Sipò pou Itilizatè Bibliyotèk Latino-Ameriken
Katalòg pou piblikasyon nan Sous: UNILA - BIBLIYOTÈK LATINO-AMERIKEN

G943

Gid oryantasyon sou Sistèm Sante Inik la pou moun migran, refijye ak apatrid nan Foz do Iguaçu / Paula Daniela Fernández (kòdinasyon). - Foz do Iguaçu-PR: UNILA: 2024
14 p.; il., koulè.

Gen bibliografia.

1. Sante piblik. 2 Imigran-Brezil. 3. Sistèm inik Sante (Brezil). I .Fernández, Paula Daniela (Kòdinasyon).II. Inivèsite Federal pou Entegrasyon Latin-Ameriken.

CDU 614(81)

© 2024 Ministè Dwa Moun ak Sitwayènte, Inivèsite Federal pou Entegrasyon Latinoameriken (UNILA), Pworektora Relasyon Entènasyonal (PROINT), Sekretarya Aksyon Afimatif ak Ekite (SECAFE/UNILA), Asosyasyon Jèn Ayisyen nan Syans Sante (AJHASS), Cátedra Sérgio Vieira de Mello (CSVM-UNILA). Tout dwa rezève. Reprodiksyon pasyèl oswa total travay sa a pèmèt depi sous la site epi li pa fèt pou vann oswa pou nenpòt lòt rezon komèsyal. Enstitisyon ki enplike yo remèsye tout manm yo pou efò yo fè pou popilasyon refijye, moun ki ap mande estati refijye, ak apatrid nan Brezil.

Pou plis enfòmasyon: Sekretarya Aksyon Afimatif ak Ekite (SECAFE/UNILA), Campus Jardim Universitário (JU), Av. Tarquínio Joslin dos Santos, 1000 - Polo Universitário, Foz do Iguaçu - PR, 85870-650, chamn 105.

Imèl kontak: secafe@unila.edu.br



Konsepsyon ak redaksyon

Paula Daniela Fernández (Koordinasyon)

Yonel Estavien

Asmara Backerdwing Santyl

Loudrige Edoard

Christella Demosthene

Tauany Mitsunaga

Victor Hugo Faria da Silva

Tradiksyon

Loudrige Edouard

Yonel Estavien

Revizyon

Yonel Estavien

Paula Daniela Fernández

Diagramasyon

Ana Romero Kreder

Yonel Estavien

Kolabarasyon ak e jesyon pwojè a

Elaine Cristina Cardoso Freitas

Laura Janaina Dias Amato

Karen dos Santos Honório

Sipò

Ministè Dwa Moun ak Sitwayènte

Inivèsite Federal pou Entegrasyon Latinoameriken (UNILA, akronim pòtigè)

Pworektora Relasyon Entènasyonal (PROINT, akronim pòtigè)

Sekretarya Aksyon Afimatif ak Ekite (SECAFE/UNILA, akronim pòtigè)

Asosyasyon Jèn Ayisyen nan Syans Sante (AJHASS, akronim pòtigè)

Cátedra Sérgio Vieira de Mello (CSVM-UNILA, akronim pòtigè)

GID ORYANTASYON SOU SISTÈM INIK LASANTE (SISTEMA ÚNICO DE SAÚDE -SUS) POU MIGRAN, REFIJIJE AK APATRID NAN FOZ DO IGUAÇU

Chè itilizatè: Nan gid sa a, w ap jwenn enfòmasyon sou Sistèm Inik Sante (SUS, akronim pòtigè) ak sèvis sante ki ofri nan vil Foz do Iguaçu.

Li fè pati ansanm aksyon ki devlope nan pwojè "Pwomosyon Sante Imigran: Yon Apwòch olistik", kowòdone pa Pwofesè Dr Paula Fernández, e li fèt gras ak sipò Pworektora Relasyon Entènasyonal (PROINT/UNILA) nan Inivèsite Federal pou Entegrasyon Latinoameriken (UNILA), Sekretarya Aksyon Afimatif ak Ekite (SECAFE/UNILA), Ministè Dwa Moun ak Sitwayènte, Cátedra Sérgio Vieira de Mello (CSVM-UNILA), ak Asosyasyon Jèn Ayisyen nan Syans Sante (AJHASS). Li fèt pou ede nou konprann sèvis sante vil la ak jan pou nou itilize li si nou bezwen.

Nan gid sa a nou pral aprann plis sou SUS (akronim pòtigè), ki jan pou jwenn Kat Sante Nasyonal la, kouman yo pran swen nan Foz do Iguaçu, epi kijan pou resewva asistans regilye nan sant sante ki sitiye nan divès kote nan vil la, kòm byen ke ki kote pou ale nan ka ta gen ijans.

**NOU VLE METE AKSAN SOU LEFÈT KE SUS LA SE POU TOUT
MOUN, SA VLE DI TOUT MOUN KI BEZWEN E CHECHE SWEN
DWE JWENN, KI GEN LADAN MIGRAN, REFIJIJE AK APATRID.**

TAB MATYÈ

SISTÈM SANTE PÈP LA (SUS)

Kisa SUS ye?	6
Kisa yon inite atansyon debaz ye e ki sèvis li ofri?	6
Kouman mwen ka jwenn swen nan yon inite atansyon debaz?	6
Kouman pou fè Kat Sante Nasyonal la (CNS)?	7
Ki kote mwen ka jwenn swen pou ti ijans yo?	7
Kisa pou fè nan ka ijans?	7
Èske mwen bezwen dokiman pou jwenn swen nan SUS?	8
Ki kote mwen ka jwenn medikaman nan SUS?	8
Ki wòl Ajan Sante Kominotè a (ACS)?	8
Kisa Ajan Konbat Maladi Endemik yo fè?	8
Kouman egzamen ak konsiltasyon ak espesyalis yo fonksyone?	8

OGANIGRAM SÈVIS SANTE NAN FOZ DO IGUAÇU

Swen Premye Nivo: Inite Atansyon Debaz	9
Swen pou Ti Ijans yo	10
Swen pou Ijans	10
Referans pou Espesyalis	11
Famasi Popilè ak Distribisyon Medikaman	11
Pwogram Sante Espesifik	11
Sèvis Sante Mantal nan SUS	12
Vijilans Sante ak Aksyon Prevansyon	12

NIMEWO AK ENFÒMASYON ITIL

REFERANS



SISTÈM INIK SANTE (SUS)

Kisa SUS ye?

SUS (Sistèm Inik Lasante) se yon sistèm sante piblik, **inivèsèl e gratis** ki la pou tout moun ki nan Brezil. Li bay aksè nan swen sante san diskriminasyon, pran swen sante tout moun depi yo fèt rive jiskaske yo granmoun. SUS la konsantre sou prevansyon maladi ak trètman, **e se yon dwa pou tout moun ki nan tèritwa brezilyen an.**

Kisa yon inite atansyon debaz ye e ki sèvis li ofri?

Inite atansyon debaz yo, yo rele yo tou Inite **Debaz Sante (UBS)**, **Inite Sante Fanmi, Pòs Sante, oswa Klinik Fanmi**, se kote ou menm ak fanmi ou ka jwenn swen sante. Nan kote sa yo, yo fè konsiltasyon ak doktè, enfimiyè ak lòt pwofesyonèl sante, ak aktivite pou ankouraje sante ak prevansyon maladi. Gen kèk inite ki ofri sèvis dantis, ak egzamen tou. Pou plis enfòmasyon, pase nan pòs sante ki pi pre lakay ou an.

Kijan ou ka jwenn swen nan yon inite atansyon debaz?

Pou jwenn swen, ou dwe anrejistre nan inite atansyon debaz nan zòn ou an. Anrejistreman sa a fèt an jeneral pa **Ajan Sante Kominotè (ACS, akronim pòtigè)** nan inite a oswa lakay ou.

Mande **Kat Sante Nasyonal ou (CNS, akronim pòtigè)**, ki ka bay nan inite sante a oswa nan lòt kote pwofesyonèl yo endike. Kat la gratis epi li valab nan tout peyi Brezil. Menm si se pa yon obligasyon pou prezante kat la oswa yon lòt dokiman idantite, li rekòmande pou fasilite aksè ak sèvis la.



Kijan pou fè Kat Sante Nasyonal la (CNS)?

Pou fè kat ou a, rasanble Rejis Nasyonal pou Etranje (RNE, akronim pòtigè) ou oswa pwotokòl RNE, anrejistreman Pèsonn fizik (CPF, akronim pòtigè) ak prèv adrès epi ale nan yon Inite Debaz Sante ki pi pre. **Men, si ou pa gen dokiman yo men ou bezwen swen, pa ezite al nan inite sante a. akronim pòtigè).**

Ki kote pou m jwenn swen pou ti ijans yo?

Si ou gen yon ijans ki pa grav, tankou yon sitiyasyon ki pa mete lavi ou an danje, al nan inite atansyon debaz ou. Si inite a fèmen, ou ka ale nan inite swen dijans oswa sèvis ijans ki pi pre a. Konsilte inite sante ou pou plis enfòmasyon sou sèvis ijans ki disponib nan zòn ou an.

Kisa pou fè nan ka ijans?

Nan ka ijans tankou pwoblèm kadyorespiratwa (atak kè, aksidan vaskilè nan sèvo, elatriye), entoksikasyon, tranche, move trètman (abi), kriz tansyon, aksidan ak pwodwi danjere, tantativ swisid, **rele SAMU nan nimewo 192** oswa ale dirèkteman nan Inite **Swen Dijans (UPA akronim pòtigè)**, sèvis ijans oswa lopital ki pi pre. SAMU ka bay swen imedyà epi transpòte pasyan an nan inite ki apwopriye a.

Pou tromatis ak blesi nan kò tankou aksidan tranzit, boule, blesi ak zam afe oswa zam blanch, agresyon, tonbe ak blesi e frakti, atak bèt, chòk elektrik grav oswa neye, ou ka **rele SIATE (Kò Ponpye) nan nimewo 193.**



Èske mwen bezwen dokiman pou m jwenn swen nan SUS?

Pou jwenn swen nan SUS, li rekòmande pou ou pote **Kat Sante Nasyonal la (CNS, akronim pòtigè)** oswa yon dokiman idantifikasyon tankou Rejis Nasyonal Migratwa (RNM), Paspò oswa Pwotokòl Demann Azil. **Si ou pa gen dokiman nan moman swen an, ou toujou gen dwa pou jwenn swen, dapre Lwa Nimewo 13.714, 24 Out 2018.**

Ki kote mwen ka jwenn medikaman nan SUS?

Gen kèk inite nan SUS ki gen famasi kote ou ka retire medikaman doktè preskri. Si inite a pa gen famasi, ou pral nan yon famasi ki akredite. **Tout medikaman ki bay nan SUS yo gratis.** Konsilte inite atansyon debaz ou pou konnen ki kote ou ka jwenn medikaman.

Ki wòl Ajan Sante Kominotè a (ACS, akronim pòtigè)?

ACS fè pati ekip Sante Fanmi an epi yo se rezidan kominote w la. Yo akonpaye fanmi yo pou yo konprann pi byen kondisyon sante, edikasyon ak lojman yo, epi yo bay konsèy sou prevansyon maladi. ACS yo toujou disponib pou ede ou menm ak fanmi w.

Kisa Ajan Konbat Maladi Endemik yo fè?

Ajan Konbat Maladi Endemik yo vizite rezidans ak lòt kote pou idantifye sous transmisyon maladi yo epi bay konsèy sou mezi prevansyon. Yo travay ansanm ak lòt pwofesyonèl sante pou pwoteje kominote a.

Kijan egzamen ak konsiltasyon ak espesyalis yo fonksyone?

Inite atansyon debaz yo kowòdone swen pou sante ou. Si ou bezwen yon espesyalis, pwofesyonèl inite a ap fè referans nesèsè a pou ou jwenn swen nan lòt inite SUS yo. Sa asire w pou kontinye resevwa swen ki apwopriye pou sante w.

KOUMAN POU JWENN SÈVIS SANTE NAN FOZ DO IGUAÇU



Foz do Iguaçú gen yon rezo sèvis sante ki òganize pou bay swen pou moun k ap viv nan vil la epi migran refijye ak apatrid yo. Anba a, nou esplike w kouman pou chèche swen nan divès sityasyon:

Swen Preme Nivo: Inite Atansyon Debaz (UBS)

- **Kote pou ale:** Inite Debaz Sante (UBS), Pòs Sante, Inite Sante Fanmi (USF akronim pòtigè). Pou konnen inite sante ki pi pre adrès ou, nou konseye w pou antre nan lyen Paj Meri Foz do Iguaçú (<https://www5.pmf.pr.gov.br/orgao-93>). Lè w klike sou lyen an, w ap jwenn adrès, nimewo telefòn ak orè travay inite sante yo.
- **Sèvis:** Konsiltasyon medikal, swen ak enfimyè, vaksen, swen pre-natal, sante fanm, sante timoun, sèvis dantis, egzamen woutin, aktivite pou pwomosyon sante ak prevansyon malad.
- **Preme etap:** Anrejistre nan UBS ki pi pre lakay ou pou resevwa swen regilye.
- **Kouman pou jwenn aksè:** Ale nan UBS la oswa kontakte Ajan Sante Kominotè yo (ACS) pou oryantasyon ak randevou.



Swen pou ti ijans yo

- **Kote pou ale:** Ale nan UBS ou pandan lè travay oswa nan Nite Swen Dijans (UPA) si se yon ijans apre lè travay.
 - **UPA João Samek (swen 24/24 èdtan):** Riyel (rua) Iacanga, 330. Telefòn: (45) 2105-8000
 - **UPA Dr. Walter Cavalcanti Barbosa (swen 24/24 èdtan):** Av. Mario Filho, 445. Telefòn: (45) 2105-8080
- **Sèvis:** Swen pou pwoblèm sante ki pa mete lavi w an danje, tankou gwo lafyè, blesi, ti frakti, kriz opresyon, elatriye.
- **Kouman pou jwenn aksè:** Ale dirèkteman nan UBS oswa UPA ki pi pre. Enfòmasyon nan UBS ou sou lè travay ak sèvis ijans ki disponib yo.

Swen pou ijans

- **Kote pou ale:** Nite Swen Dijans (UPA), Pronto-Socorro, Lopital Ijans.
 - **UBS 24èdtan Padre Ítalo (swen 24/24 èdtan):** Riyel (rua) Paulino Ferreira 2-36 - Porto Meira. Telefòn: (45) 2105-9750
 - **UPA João Samek (swen 24/24 èdtan):** Riyel (rua) Iacanga, 330. Telefòn: (45) 2105-8000
 - **UPA Dr. Walter Cavalcanti Barbosa (swen 24/24 èdtan):** Av. Mario Filho, 445. Telefòn: (45) 2105-8080
 - **Lopital Minisipal Padre Germano Lauck:** Riyel (rua) Adoniran Barbosa, 370 – Parque Monjolo. Telefòn: (45) 3521-1788. Link: <http://www.hmpgl.com.br/>

Referans pou espesyalis

- **Kote pou ale:** Apre evalyasyon nan UBS la, pwofesyonèl sante a ap fè referans pou yon espesyalis oswa pou egzamen ki pi konplèks nan lòt inite SUS yo.
- **Sèvis:** Konsiltasyon ak kadyològ, nèwològ, òtopedis, ak lòt espesyalis; egzamen tankou tomografi, rezonans mayetik, Sonografi.
- **Kouman pou jwenn aksè:** Apre referans la, swiv enstriksyon pou pran randevou epi prezante nan konsiltasyon oswa egzamen nan inite yo endike

Famasi Popilè ak Distribisyon Medikaman

- **Kote pou ale:** Famasi ki nan UBS, UPA, oswa famasi popilè ki akredite.
- **Sèvis:** Retire medikaman gratis ke doktè nan SUS preskri.
- **Kouman pou jwenn aksè:** Montre resèt medikal, RNE ak Kat Sante Nasyonal (CNS) nan famasi ki nan inite a oswa nan famasi ki akredite yo. **Toujou swiv enstriksyon doktè a lè wal nan famasi a.**

Pwogram Sante Espesifik

- **Kote pou ale:** UBS ak lòt inite espesifik ki nan rezo minisipal la.
- **Sèvis:** Pwogram pou kontwòle maladi kwonik (dyabèt, tansyon), sante mantal, swen pou fanm ansent, elatriye.
- **Kouman pou jwenn aksè:** Anrejistrenan pwogram nan atravè UBS la oswa ou ka dirije pa yon pwofesyonèl sante.

Sèvis Sante Mantal nan SUS

Nan Brezil, **Rezo Atansyon Sikososal (RAPS, akronim pòtigè)** ofri sèvis sante mantal nan kad SUS la, respekte prensip inivèsalite, entegralite, ak ekite, ankouraje aksè ak tretman jis pou tout moun.

Nan ka kriz: RAPS pran swen moun nan kriz, bay swen entegre ak kontinyèl. Rezo a gen divès sèvis tankou Sant Atansyon Sikososal (CAPS, **akronim pòtigè**), inite akèy, Ak lopital jeneral ki travay ansanm pou bay sipò entegre nan sante mantal, alkòl, ak lòt dwògs.

● Kote pou ale:

- **CAPS II:** Riyel (rua) Lamartine Babo, N° 780 – Parque Monjolo – Foz do Iguaçu. Telefòn: (45) 3901-3556
- **CAPS AD:** Riyel (rua) Vereador Moacir Pereira, N° 900 – Vila Yolanda – Foz do Iguaçu. Telefòn: (45) 3521-1781
- **Anbilatwa Sante que Mantal, Lopital Minisipal Germano Lauck:** Riyel (rua) Adoniran Barbosa, 370 – Parque Monjolo Telefòn: (45) 3521-1788.
- **SAMU, 192**

Vijilans Sante ak Aksyon Prevansyon

- **Sèvis:** Vizit nan kay pou kontwole sous maladi tankou deng, konsèy sou prevansyon maladi, ak aksyon vaksinasyon masiv.
- **Kouman pou jwenn aksè:** Aksyon yo anjeneral òganize pa meri a, men ou ka mande vizit nan ka yon bezwen espesifik.
 - **Direksyon Vijilans Sante:** Riyel (rua) Francisco Guaraná de Menezes, 665 - Vila Yolanda. Telefòn: (45) 2105-8181

REFERANS:

BREZIL. Ministè Sante. Manyèl Nasyonal Lasante. Disponib sou: <http://portalsaude.gov.br/aco-es-e-programas/equidade-e-saude/situacao-migratoria>. Aksè: 2 out 2024.

BREZIL. Ministè Sante. Sistèm Nasyonal de Sante (SUS). Disponib sou: <http://portalsaude.gov.br/sus>. Aksè: 2 out 2024.

BREZIL. Ministè Sante. Portaria n. 2436, 21 septanm 2017. Apwouve Politika Nasyonal Atansyon Debaz, etabli revizyon direktiv pou òganizasyon Atansyon Debaz, nan kad Sistèm Sante Pèp la (SUS). Brasília: MS, 2017.

BREZIL. Ministè Sante. Sekretarya Atansyon Sante. Depatman Atansyon Debaz. Akèy Demann Espontane. Seri A. Nòm ak Manyèl Teknik. Kaye Atansyon Debaz n°28. Vol 1. Brasília: Ministè Sante, 2013.

BREZIL. Prezidans Repiblik. Lwa n. 13.714, 24 Out 2018. Modifikasyon Lwa n. 17.260, 27 Desanm 2017, ki dispoze sou òganizasyon ak fonksyonman sèvis asistans sosyal. Etabli Sistèm Inik Asistans Sosyal (SUAS) ak konpetans li yo. Etabli direktiv pou egzekisyon mezi sosyo-edikatif ak pwoteksyon nan rejim libète asiste. Jounal Ofisyèl Inyon an, 2018. Disponib sou: https://legislacao.presidencia.gov.br/atos/?tipo=LEI&n_umero=13714&ano=2018&ato=240o3a61UeZpWT093. Aksè: 15 out 2024.

KÒ PONPYE MILITÈ PARANÁ. Disponib sou: <https://www.bombeiros.pr.gov.br/servicos/Seguranca/Bombeiros/Acionar-servicos-de-emergencia-Samu-e-Siate-JGoMvN0e>. Aksè: 15 out 2024.

